

LAMPIRAN

Wawancara dengan Mbah Wo " Kucing "
Tentang Sesajian Suro
(Tahlil Akbar)
Pada tanggal 2 April 2000

Grebeg Suro badhe ngawontenaken Grebeg Suro, umumipun masyarakat siap siogo, pasang-pasang sesaji sing intinipun wonten penjadarpun wonten upacara utawi wonten sak lebetipun paringatan 1 Suro. Dados 1 Suronggamaraken gelaran jagat, dimulai 1 Suro dateng mriki wonten sesaji-sesaji ingkang kedah dicaosaken wontenipun sekitar 30-an, setunggal-setunggalipun wonten maknanipun, tujuanipun malem 1 Suro tirakatan, nggugah poro masyarakat supoyo tirakat tanggal 1 Suro. Makna 1 Suro pernstsnn werji, kito kedah mangertos asale, tapladaman asal usulipun tiang dimulai 1 Suro mboten saged dirubah.

Meniko penampilan upacara ritual dados naluri drama weda ingkang dilakoni, sesaji Suro ditujoaken damel Tuhan damel manIFESTASI rasa matur suwun terhadap kepercayaan terhadap Tuhan YME, yang selama 1916 Jawa mesti diwontenaken.

1. Air Bersih = toyo wening

Pralambang kasucen, urip iku suci peparinge gusti kang Moho Suci mulo soko uripe manungso iku kudu suci lan lilo legowo seto tuhu ing batin.

2. Santen Kanil

Sari-sarine panguripan, kang kasebut ono ing sak jerone kandungan sang ibu lan sansoyo luwih sentoso sak wise lahir lan ngombe banyu susu ibu iku.

3. Damar Kambang

Pralambange utowo cahyo kang langgeng tan kino ing pati utowo owah kengser opo kang kasebut iku batang kinurun sajroning manungso ananging ugo ora ono sak jeroning manungso podo karo hangliputi.

4. Kembang monco warno

Ponco podo karo limo awujud kembang mawar, melati, gading, kenongo, kantil pralambang supoyo tindake manungso tansah numusi haruming asmarane, jet haruming asmara bakal hamrabawani ing dahanan.

5. Kembang setaman

Dumadi sak wenaning kembang anggamarake sejarah kodrat wewujudane jasmani utowo wadat wiwit kuncup, mekar, lan layu utowo rusak mulo tumindake manungso supoyo bisa ajurajer ing prasawungan agung kang anggowo haruming asmaro.

6. Bumbu kinang jangkep, suruh, mbako, njet, gambir, jambe, kang kabeh mau rasane pahit getir
Uripe manungso ing sak dinane tansah rinubung ing roso was lan kuatir, sumelang lan wedi, nanging manowo limambaran kemantepane tekat lan pikir bakal kasembadan ing uripe lan bakal angroso toto tentrem lan nikmat.
7. Bubur sengkolo warno abang lan putih
Minongko pasemoning wiji dumadi kang soko bopo awujud putih lan soko ibu awujud abang, ing kasunyatan kang soko bopo wujud mani sperma, kang abang ono ing ngisor pralambange wadah sejahtera ing ngilmu kebatinan disebut tumuruning wiji dumadi timampangan wadah sejahtera, kinantenan kang wujudkawah lan ari-ari.
8. Bubur monco warno
Bubur warno limo putih, abang, kuning, ireng lan ijo
 - ◆ Putih : kersane Gusti anugrahaken wiji utowo bibit manungso minongko tuntunane urip.
 - ◆ Abang : kersane Gusti katombo dening manungso prio lan wanito nuwuhake roso tresno, asmaro anggone anindaake saresmi.
 - ◆ Kuning : wiji kang wis sumadyo.
 - ◆ Ireng : Urip iku gaib, utowo samar kang bakal nguripi, ngobahake wiwit soko bibit tumekane dadi janin lan sak teruse dadi jabang bayi ono sak njeroning kandungan sang Ibu, leking jabang bayi 9 wulan 10 dino lahir.
 - ◆ Ijo : mujudake doyo kekuatan minongko sarono tuwu mekare sang wiji kanthi dadi janin.
9. Bubur Suro
Awujud bubur putih ditanteni dadar ndok, lombok abang, seledri, kemangi, sambel goreng ati / tempe, gorengan urang cilik akeh pralambang bubur beras adonan antarane isi lan wadah, dadar ndok naluri tawi iketane bibit lan ari-ari, seledri, kemangi doyo kekuatan minongko sarono nuwuh mekarake sang wiji lan sak teruse.
10. Cengkir Klopo gading
Ing kiroto Boso kencenge pikir mantepe pikir pralambange banyu panguripan kang suci.
11. Cikal / bibit wit klopo
Tumuhuing eripe manungso.
12. Cengkir Klopo ijo
Mobah musike manungso.
13. Kembar mayang
Ing kawujudane pralambang pawujudane jagat gede utowo alam semesta sak isen-isene kabeh tegese wandake gambar podo karo kembar podo karo sak jodo prio kelawan wanito wis nyawiji kang sakrone wis nompo anugrah ing Pangeranawujud suk karesnan utowo kasih sayang isine jagat akeh alam kito marang pribadene manungso dumadi cipto, karso lan budi.

14. Keris
Keris kang dumadi soko wilahan lan warongko akeh pralambang curigo manjing warongko podo karo kawulo Gusti lambang pepestening Gusti kang ginarisake wiwit lahir sampek tumekaning pati lambang kapilayan kang santoso lan teguh.
15. Tumpeng robyong
Pralambange urip pribadi lan kawah serto ari-ari, mujudake tritunggal pada karo nguripi telu-telune atunggal kang oleh pangayoman urip kang nguripi, panguripan dadi lantaran kekuatane wadat ing kasunyatanane supoyo ing brebayan agung kang mbutuhake pitulungan.
16. Tumpeng kendit
Pralambang iketaning dadining bopo lan ibu minongko jejering lanang lan wadon sejati kang bakal numurunake wiji gumadi.
17. Sego kuning
Pralambang dumadine bibit utowo biji.
18. Sego brok
Pralambang bakal lahire jabang bayi.
19. Sego byar
Pralambang jabang bayi kang wus lahir.
20. Sego golong
Pasemoning jagat cilik mikro kosmos gomolong dadi siji kawujud kasunyatan ing lahir supoyo kito tansah gumolong nyawiji rukun saiweg, saeko proyo gotong royong.
21. Panggang ayam / ingkung
Pasemoning jabang bayi kang ono sak jeroning kandungane sang ibu sejatite wus urip nanging durung makarti ugo akeh pasemon sak warnai pangorbanan yoiki sak wusing manungso marang mulo-mulane niro yoiku wewujudane yo tetep dadi batang.
22. Buah-buahan
Entah lan mateng pralambang panggawene manungso wohing panggawe, panggawe iku ono kang wus mateng lan ono kang isih mentah ing bab iku cundike marang ulahe budi pekerti.
23. Polo kependem kesampar lan kesandung
Pralambang anane roso angen-angen, pikir lan awal kang tansah simandang dening manungso ananging datang dimengerti utowo kesampar, kesandung datar tumunung.
24. Jajan Pasar
Srawunge manungso kang marupo-rupo ing kasunyatan.
25. Gedang suluh lan ontonge
Hurip iku langgeng ugo akeh sejarah uripe manungso, wet gedang iku ora bakal iso mati sanajan ditegor manowo durung akeh pisungsum marang kang nandur kang awujud woh, ditegor kaping piro wae tansah semi. Ing Boso Jowo disebutake nyiram tuwuh nyambung tuwuh nglestarikake uripe manungso.

26. **Tebu Wulung**
Kiroto Boso anteping kalbu pralambang pepestening manungso kang wis ginaris dening kang akaryo jagad.
27. **Janur kuning**
Nur kang wening utowo cahyo kang wening urip kang asal soko cahyo kang wening, mulo yo mung urip iku kang bisa sesambungan lawan Gusti kang Moho Suci, utowo luwih gamblang pirsanono andahan ing bab janur kuning.
28. **Dampar Ukiran**
Ukiran iku pasran kang kawit manungso supoyo bisa among ros, among dugo lan prayogo kang nglarasake giri mamot utowo kamot.
29. **Alas dampar putih**
Kasucen kuwi resikan jiwo kito kaanggap ingkang tansah suci lan resik ojo gawe rugine liyan manowo siro ora gelem digawe rugi dening liyan tumindako kang manut bebener.
30. **Song-song Agung**
Payung agung pralambang keagungan, kawibawan, kang asung pangayoman marang tumitahing Gusti sapepadaing.
31. **Tumbak lan landeane**
Sasmito ing kasiagan utowo kasiap siagaan podo karo kawaspadan.
32. **Umbul-umbul**
Umbul-umbul iku minongko pratondo podo karo kitikan ing jaman kuno saben peperangan anggunaake umbul-umbul minongko pratondo endi musuh lan endi rewang ing kene minongko titikane ajaran / kaweruh podo karo identitas.
33. **Lengo wangi lan dupo ratus**
Loro-lorone anggondo wangi aweh prawan kito supoyo tumindake manungso iku tansah tumuju ing rahayuning brebayan agung koyo lekase kusumo bongso kang gugur ing madyaning logo hanggambar ngebaki dawono tumprape panggonan kangf sinerenan lengowangi utowo dupo ratus kang tumelon bakal hanggondo arum nimbuwi katentreman wardoyo.

**Wawancara dengan Juru Kunci Makam Bethoro Katong
Tentang Sejarah terjadinya Ponorogo
Pada tanggal 4 April 2000**

Saya disini sebagai juru kunci / juru pemelihara sedikit memberi penjelasan mengenai sejarah Bethoro Katong, Bethoro Katong itu dari mana dan asal usulnya itu dari Brawijaya Mojopahit yang terakhir, Brawijaya yang terakhir yang menurunkan Bethoro Katong dari istri yang kelima, dari Mbegelen Jateng punya anak dua yaitu Lembu Panigoro atau Bethoro Katong dan Lembu Kenongo atau Jaran Panoleh yang berada di Pamekasan Madura. Bethoro Katong dan Lembu Kenongo itu tadi termasuk saudaranya Raden Patah tapi lain ibu, kalau Raden Patah ibunya dari Cempo.

Pada waktu perubahan Agama Budha dan Hindu di tanah Jawa ini menjadi Agama Islam, Agama Islam yang pertama kali di Kerajaan Demak Bintoro, kedua adik kakak tadi pergi ke Demak dididik Agama Islam, setelah ia dewasa dan banyak ilmunya disuruh menyebarkan Agama Islam disebelah timur Gunung Lawu sampai Gunung Wilis, Lembu Panigoro atau Bethoro Katong dan beliau di beri nama Bethoro Katong atau raden katong, yany satu disuruh menyebarkan Agama Islam di Pulau Madura, maka diantara madura dan ponorogo masyarakatnya hampir sama, pakaian-pakaian, keras-kerasnya, itu masih ada.

Maka berhasillah Bethoro Katong diantara Gunung lawu dan Gunung wilis itu ada sebuah kerajaan yang bermama Kerajaan Wengker yng dipimpin Ketut Surongalam menurut keterangan menurut keterangan / menurut sejarah dahulu itu merupakan pamannya dari Mojopahit, Ketut Surungalam itu beliau mendirikan Kerajaan Wengker di daerah sini, sebelum Bethoro Katong datang ini masih Kerajaan Wengker, Wengker ini di Islamkan oleh Bethoro Katong, jadi waktu Bethoro Katong datang disini sudah ada Kerajaan Wengker. Akhirnya laporan di kakaknya di suruh mengIslamkan, akhirnya diberi santri sebanyak 40 orang.

Bethoro Katong mengIslamkan sampai terjadi peperangan, seperti Desa Bancangan itu juga ceritanya peperangan antara Bethoro Katong dengan Kethut Surungalam tadi sampai Purbo, terakhir di Candirejo disana ada petilasan Gunung Bacin atau Belik Bacin itu hilangnya Ketut Surungalam. Setelah itu Bethoro Katong berhasil dan berhasilnya karena putranya Ketut Surungalam yang bernama Niken Gandini yang cinta kepada Bethoro Katong yang akhirnya mengambil pusaka orang tuanya diberikan kepada Bethoro Katong sampai sekarang anaknya Ketut Surungalam dikawini Bethoro Katong juga dimakamkan disini. Istri Bethoro Katong itu empat yang satu pemberian dari Demak, yang kedua dari belen, yang ketiga dari Madura dan yang keempat dari Ponorogo, itu kumpul jadi satu. Setelah berhasil akhirnya Bethoro Katong membuat kota atau kerajaan yang dinamakan Pramonorogo / Ponorogo. Pramono = rahasia, rogo itu badan sehingga menjadi tahu rahasianya badan kalau Ponorogo itu meletakkan jiwa raganya, akhirnya disini disebut desa sentono itu dulu tanah perdikan, jadi disini tempatnya Bethoro Katong / para Sentono sampai meninggalnya dimakamkan disini.

**Wawancara dengan Bapak Suyud
Tentang Legenda Ngebel
Pada tanggal 5 April 2000**

Kiajar Wilis pertapane neng Guo Selomangkling, gadah sahabat estri namine Sudjiati bade endang nggome sedereke teng Dusun Pupus, pamit kalian Ki Ajar Wilis amargo dewekan digawani pusoko Cundrik lan dipeseni pusoko iku ora oleh di sempitne neng tunjunganmu karo (kemben). Bidal sareng tengah margi niku piyambake sayah sawek kendel sesupen cundrikipun dipun pangku, sawek bade mlampah cundrike niku ical, akhire mbok Endang Sidjiati niku ngandek, sareng ngandek bablas teng Pupus wonten Pupus lajeng mboten dangu babaran medal sawer.

Soyo dangu - soyo dangu taken tiang sepuh bapak aku iku sopo, bapakaamu Ki Ajar Wilis manggone ono selomangkling terus aku arep nggoleki, bu yo nek nggoleki lekas bali, lajeng bidal Kediri lan ketemu Ki Ajar terus diaku anake yen bisa ngubengi Gunung Wilis iku cakep buntutmu lan cangkemmu kowe tak aku anak tapi yen ora iso geduk ora tan daku anak lajeng ngubengi redi Wilis kurang sak kilan terus disambung ilate ora cocok, terus dipotong dadi pusoko kalih terus kapureh wangsl dateng Ngebel topo neng sak kulone deso Pupus terus topo sak nginggile tlogo.

Kyai Brojotruno manggene sak tengahe tlogo niku mau riyen taksih dusun, dusun niko badhe bersih dusun anak buahe ken mbedeli kewan tigang dinten tigang dalu mboten entuk nopo-nopo, lajkeng kendel sami nginang, sareng nginang mbacok jambe kebacut neng batang sing dilungguhi niku wau, wusono medal darahe, iki kayu kok ono getihe iki nek ngono lak iwak wus iki didedeli tibake sawer topo niku mau lajeng ulane dibeto wangsl, sukmene sawer niku wau dados lare alit, dugi nggene Ki Ageng Brojotruno niku mau rehne rupine awon kaleh lare-lare alit dipun tukari, amargi karepe niku, lajeng nangis wonten pipi lawang pawon. Nyai Latung niku tukange adang Ki Brojotruno, niku wau mireng lare nangis lajeng dipuruki ditangkleti asale, lan lare niku wau nyuwun sekul sak buntel tertus nyuwun sodo lan pesen kalian Nyai Latung yen ono opo-opo dikongkon numpak lesung lan nggowo enthong. Terus lare alit niku medal dateng latar mancepake sodo niku kalian sesumbar sopo sing iso njabut diwenehi sego sak buntel, tapi ora ono sing iso terus dikengken mlumpuk arep di bedol, sodo di bedol terus dadi tlogo niku, lare alit malih dadi sawer sing berjuluk Baru Klinting, nek nuju wujud tiyang namine Joko Towo Tuntung Tawis.

Sesajian dalam Larung Sesaji, menurut mbah Suyud terbagi menjadi dua macam yaitu :

Yang dilarung

1. Kambing / wedus Kendit (1 ekor)
2. Kemenyan
3. Mori, untuk membungkus kepala kambing
4. Kuwali tiga buah, untuk tempat darah

5. Cok Bakal

- Tigan
- Sekar
- Kemiri
- Bumbu
- Gantalan (suruh)

6. Kembang Setaman, tujuannya adalah agar tentara Raden Baru tidak mengganggu warga setempat.

Proses pelaksanaan:

Kepala kambing, darah dalam kuali, cok bakal, kembang setaman dilarung yang sebelumnya kepala lambing dibungkus mori, empat kaki kambing ditanam di empat penjuru di sekitar Telaga Ngebel.

Selamatan :

1. Rosulan, sego gurih lan pitek putih, gawe Gusti kang kuoso.
2. Golong pitu, gawe danyang tlogo.
3. Golong limo, podo karo golong pitu.
4. Buceng Tulak, sego putih nduwur kopi, nulak sekatahing bilahi.
5. Leluluran, sego biasa diwenehi apem, ngenton leluhure sak Kecamatan Ngebel.
6. Buceng Kuat, soko ketan, rakyat Ngebel wilujeng sak terusipun.
7. Kupat Lepet, sepinten kelepatane rakyat Ngebel yuwung pangapunten dumateng kang kuwoso.
8. Jajan Pasar, memulih rojo koyo sak Kecamatan Ngebel ojo sampek loro.
9. Jenang Abang, Putih, tulak, negenton sesepuhing Telogo Ngebel yaiku Raden Baru.
10. Kupat Luwar, rakyat Telogo Ngebel luar saking beboyo.
11. Buceng Beras Abang, kesenengane Baru Klinting.
12. Gedang Rojo Setangkep, sesaji danyang Ngebel.
13. Gulo Gimbal, kesenengane Raden Baru.
14. Karuk Grinsing, ketan digoreng, memulih dadung awuk sak Kecamatan Ngebel sing nguwasai kewan.

**Wawancara dengan Bapak Heru Subeno
Tentang Festival Reog
Pada tanggal 6 April 2000**

Festival reog kali ini berbeda dengan Festival tahun lalu kalau tahun lalu para peserta diberi keluasan untuk menampilkan atraksi sesuai dengan kesenangan masing-masing artinya tari-tari yang ditampilkan tidak ada pakemnya, akan tetapi sekarang berbeda, coba anda amati apa kira-kira yang selalu sama dalam festival yang kita lihat sekarang.

Kalau boleh saya beritahu urut-urutan yang ada adalah :

- Tari Warok, yang harus dimainkan sepuluh orang penari, untuk lebih jelasnya nanti akan saya beri buku pedoman dan apa saja yang ada dalam tari-tarian itu.
- Tari jatilan, tarian ini dibawakan berpasangan.
- Tari Pujangganong, mengambarkan orang yang sakti dan sedikit kocak.
- Tari Merak Tarung, dalam tarian ini dibutuhkan dua dadakan.

Perbedaan dengan pementasan biasa adalah kalau pementasan biasa urut-urutanya adalah sebagai berikut :

- Warok ora ditentukan jumlahnya.
- Jatilan babyaknya dua, dalam pementasan enam.
- Pujangganong hanya satu, pada pementasan ada dua sampai tiga.
- Tari Merak Tarung, kalau dalam pementasan biasa tidak ada yang ada tari barongan lepas.

Mengenai legenda Reog sebaiknya anda lihat pada buku yang saya berikan jika kurang jelas nanti kita sambung lagi pada lain kesempatan.